



HSGDIHRFP XRBVZZLVS  
31 Vjzb St, 19 GPSG st  
Cumberland, RI 02864

**Men Kijan Pou Kontakte Nou**  
**Ale Anliy:** <https://healthyrhode.ri.gov>

Si w gen kesyon sou kouvèti asirans sante abòdab oswa sou pwogram sèvis sosyal yo, rele Depatman Sèvis Sosyal (Department of Human Services, DHS) nan 1-855-MY-RI-DHS (1-855-697- 4347)

### State Rhode Island

## RENOUVÈLMAN PWOGRAM PEMAN POU PRIM MEDICARE (MEDICARE PREMIUM PAYMENT PROGRAM, MPPP)

### Revize Enfòmasyon Nou Gen nan Dosye nou pou Ou

Moun ki gen non yo make anba a pral renouvle otomatikman pou kouvèti asirans Peman pou Prim Medicaid la

Non Pwogram nan	Non	Dat benefis aktyèl la pral renouvle
Medicare Premium Payments	HSGDIHRFP XRBVZZLVS	06/01/2023

### Kijan pou m renouvle kouvèti asirans MPP a?

Fòmilè sa a gen enfòmasyon sou fwaye w ke nou itilize pou n decide elijibilite w. Tanpri, egzamine tout fòmilè a annantye pou asire ke enfòmasyon an toujou kòrèk.

- **Si pa gen okenn chanjman, PA FÈ ANYEN:** Si tout enfòmasyon ki sou fòm sa a toujou menm, yo pral renouvle kouvèti MPP ou a otomatikman pou yon lòt ane. Nou pral voye yon lèt ba ou anvan dat renouvèlman an pou n fè w konnen kouvèti MPP ou a ap kontinye.
- **Si gen chanjman, RAPÒTE YO:** Si w rapòte chanjman, nou pral revwa enfòmasyon w ba nou an epi n ap decide si w elijib pou renouvle kouvèti asirans MPP o au. Nou pral voye yon lèt ba ou pou n fè w konnen kisa nou decide oswa si nou bezwen plis enfòmasyon anvan dat renouvèlman an.
- **Si yo te mande w bay dokiman adisyonèl oswa w te rapòte kèk chanjman,** nou pral revwa enfòmasyon w ba nou an epi nap decide si w elijib pou renouvle kouvèti asirans MPP ou a. Nou pral voye yon lèt ba ou pou n fè w konnen kisa nou decide oswa si nou bezwen plis enfòmasyon anvan dat renouvèlman an.

Pou ka gen plis enfòmasyon, ale nan <https://healthyrhode.ri.gov>



### Ki chanjman mwen dwe rapòte?

- **Revni:** Nenpòt chanjman ki fèt nan revni benefisyè MPP a ak nenpòt mari/madanm oswa depandan ke yo konsidere lè y ap detèmine elijibilite.
- **Resous yo:** Nenpòt chanjman nan resous benefisyè MPP a ak mari/madanm oswa depandan ki nan fwaye benefisyè a.
- **Adrès ak akomodasyon lojman:** Si benefisyè a ak mari/madanm oswa depandan yo demenaje oswa si yo chanje adrès, si yo antre oswa si yo kite yon rezidans asiste, yon etablisman ki bay swen enfimye oswa yon fwaye kolektif, oswa nan yon kad kote yo pataje depans pou yo viv yo.
- **Sikonstans famiyal ak fwaye yo:** Si konjwen oswa yon depandan benefisyè MPPP a mouri, resevwa yon divòs, marye ak yon lòt moun, oswa li amenaje oswa demenaje nan yon kay ke yo PA konte kòm yon resous.

### Kijan pou m rapòte chanjman yo?

Gen plizyè fason pou rapòte chanjman yo. Tanpri, li enstriksyon suivan yo avèk atasyon.

- **Pa Lapòs:** Si w chwazi pou reponn pa lapòs, tanpri ekri enfòmasyon ki chanje a nan kolòn ki make "Updated Information" (Enfòmasyon Ajou) ki nan avi sa a. SI PA GEN OKENN ENFÒMASYON KI PRE-ENPRIME EPI WAP VOYE FÒMILÈ SA A TOUNEN, RANPLI KAZ YO AK "CURRENT INFORMATION" (ENFÒMASYON AKTYÈL). Tanpri, pa bliye siyen ak mete dat la sou fòmilè a. Ou ka poste fòmilè a nan adrès ki make sou pati anlè avi sa a.
- **Pase depoze I nan yon Biwo DHS:** Si w chwazi pou pase depoze fòmilè a nan yon biwo DHS, tanprisuiv enstriksyon ki make anwo a nan seksyon Pa Lapòs la. Pou ka konn ki kote biwo yo ye, ale nan [www.dhs.ri.gov](http://www.dhs.ri.gov) oswa rele 1-855-MY-RI-DHS (1-855-697-4347).
- **Anliy:** Epitou w ka ale nan "User Account" (Kont Itilizatè) nan <https://healthyhode.ri.gov> epi fè chanjman yo.

### Gade Kont Ou Anliy

W ap jwenn enfòmasyon sou benefis ou yo tou lè w konekte w nan kont ou nan <https://healthyhode.ri.gov/>. Ou kapab aksede kont ou lè w itilize non itilizatè **joyce1949**. Si w pa sonje modpas ou, pou ka rekipere l, annik klike sou LOG IN (KONEKTE) epi klike sou Forgot Username/Password? (Ou Bliye Non Itilizatè/Modpas la?) nan <https://healthyhode.ri.gov/>. Atravè kont ou a, ou ka aplike pou benefis oswa pou renouvle benefis ak chanje rapò yo.

Pou ka gen plis enfòmasyon, ale nan <https://healthyhode.ri.gov>



**Fòmilè Renouvèlman MPP**

**Enstriksyon:** Tanpri, li fòmilè sa a epi ekri enfòmasyon ki chanje yo konsènan benefisyè a. Si w ap rapòte chanjman, asire w ou tounen fòmilè renouvèlman an konplè, ansanm ak paj sa a.

Enfòmasyon pou kontakte Benefisyè a

	Enfòmasyon Aktyèl	Enfòmasyon Ajou
Moun ki se Kontak Prensipal la ak Relasyon l ak Benefisyè a	HSGDIHRFP XRBVZZLVS Self	
Adrès Postal	-	
	Enfòmasyon Aktyèl	Enfòmasyon Ajou
Adrès kote Benefisyè MPPP a Rete kounyeya	-	
	Enfòmasyon Aktyèl	Enfòmasyon Ajou
Nimewo Telefòn	593-461-4349	
Imèl	TUGNVHQB@gmail.com	
	Enfòmasyon Aktyèl	Enfòmasyon Ajou
Non Reprèzantan Otorize a		

**1. Revni:**

Depi premye aplikasyon benefisyè a oswa dènye renouvèlman an, èske te gen nenpòt chanjman nan revni yo? Nou bezwen konnen si gen nenpòt chanjman nan revni benefisyè a, ak non e revni nenpòt konjwen/depandan ke nou oblije konsidere lè nap detèmine elijibilite.

Si kaz yo vid, tanpri bay enfòmasyon sa a.

Si kaz yo gen enfòmasyon ki enprime ladan yo deja, bare enfòmasyon ki pa kòrèk la epi bay enfòmasyon ki kòrèk la nan ranje ki vid yo pi ba a. Ajoute non yo ak revni pou tout nouvo depandan yo.

Voye prèv ki montre montan nouvo revni oswa montan korije yo, ansanm ak fòmilè sa a.

Tcheke si PA GEN chanjman pou rapòte nan revni a

Pou ka gen plis enfòmasyon, ale nan <https://healthyrhode.ri.gov>



Non	Nimewo Sekirite Sosyal (SSN)	Dat Nesans	Relasyon I ak Benefisyè a	Revni/ Tip
HSGDIHRFP XRBVZZLVS	XXX-XX-2444	08/11/1949	Self	\$ 998.00 / RSDI (Retirement, Survivors, and Disability Insurance)
HSGDIHRFP XRBVZZLVS	XXX-XX-2444	08/11/1949	Self	\$ 257.30/ Employment

## 2. Resous

Depi ke benefisyè MPPP a inisyalman te aplike oswa yo te egzamine l pou dènye fwa, èske te gen nenpòt chanjman nan resous ke benefisyè a ak konjwen l posede, ikonpri nenpòt ogmantasyon oswa diminyon? Si resous benefisyè MPP a chanje, mete yo nan yon lis pi ba a nan enfòmasyon aktyèl yo. Si fòmilè a deja gen enfòmasyon ki enprime ladan, bare enfòmasyon ki pa kòrèk la epi bay enfòmasyon ajou ki kòrèk la nan kaz ki vid yo sou bò dwat la.

**NOTE BYEN:** PAMI RESOUS YO GEN LAJAN KACH LIKID, KONT EPAY AK KONT KOURAN, SÈTIFIKA DEPO, AKSYON, OBLIGASYON, KONT "ABLE" (KONT POU MOUN KI ANDIKAPE), KONT FIDISYÈ (TRUST), POSEDE YON ANTREPRIZ, ELATRIYE

Tcheke si PA GEN chanjman pou rapòte nan resous yo.

Non Pwopriyetè a	Resous	Enfòmasyon Aktyèl	Enfòmasyon Ajou
	Kont Kouran/Epap	-	
	Aksyon/Obligasyon	-	
	Sètifika Depo	-	
	Kont Mache Monetè	-	
	Pwopriyetè yon Biznis	-	
	Rant Anyèl	-	
	IRA, 401K, 403B, Kont Keogh	-	
	Kontra oswa Kont Asirans Antèman	-	
	Lòt	-	

Pou ka gen plis enfòmasyon, ale nan <https://healthyrhode.ri.gov>



**2a. Kont Fidisyè**

Si benefisyè MPPP a oswa yon moun kap aji nan enterè benefisyè tabli oswa transfere nenpòt atik ki gen valè tankou yon eritaj, yon byen, yon règleman asirans, yon distribisyon Kont Retrèt Endividyèl (Individual Retirement Account, IRA), yon kontra antèman, yon pòtfèy bousye, yon fon fidisyè, yon plan vyajè, yon kont koutaj, règleman asirans, oswa jan de bagay sa yo, nan yon kont fidisi nan swasant (60) mwa pase yo, ranpli kaz ki anba yo epi voye voye prèv yo.

Tcheke si PA GEN aktivite fidisyè pou rapòte.

Dekri atik la	Dat Aksyon an	Valè/Kantite atik yo plase nan Kont Fidisyè a

**3. Kouvèti Asirans Sante**

Bay enfòmasyon konplè e ajou sou tout fòmilè asirans sante ki kouvri benefisyè a, kidonk ranpli pati ki vid yo oswa korije enfòmasyon ki deja enprime a nan kaz vid yo ki nan ranje anba a. Mete plan asirans sante anplwayè, retirete, ak lòt plan asirans sante prive; plan asirans dantè, vizyon ak lòt plan siplemantè; ak Medicare, Tricare ak plan gouvènmantal similè.

Tcheke si PA GEN chanjman pou rapòte nan kouvèti asirans sante a

Asirans Sante	Non Mèt Polis Asirans la	Nimewo Polis Asirans la	Prim Asirans Mansyèl
MEDICARE CLAIMS DEPT._2	HSGDIHRFP XRBVZZLVS	-	\$ 0.00

Pou ka gen plis enfòmasyon, ale nan <https://healthyrhode.ri.gov>



AVÈTISMAN SOU SANKSYON		
<p>"Mwen sèmante, sou pèn fo temwayaj, ke mwen te egzamine fòmilè renouvèlman sa a oswa yo te li l pou mwen, e dapre tout sa m konnen, done ki ladann yo se laverite e yo konplè. Si map aplike pou yon lòt moun, mwen sèmante ke aplikan an te egzamine aplikasyon sa a oswa yo te li l pou li, e dapre tout sa li konnen, done ki ladann yo se laverite e yo konplè."</p> <p>Mwen konprann mwen ka gade Piblikasyon 1010 DHS, Bagay Enpòtan Sou Pwogram ak Sèvis (Important Things About Programs &amp; Services), sou <a href="http://www.dhs.ri.gov">www.dhs.ri.gov</a>.</p> <p>Siyati m ki anba a endike ke mwen te li oswa ke yo te li pou mwen Dwa ak Responsabilite ki anekse ak aplikasyon sa a. Mwen deklare, sou pèn fo temwayaj, ke tout repons mwen bay sou aplikasyon sa a kòrèk e yo konplè selon tout sa m konnen, ikonpri enfòmasyon sou sitwayènte m ak sitiyaasyon imigrasyon m ak idantite timoun minè mwen yo ke m mansyone nan aplikasyon sa a. Mwen byen konnen ke map vyole lalwa si mwen fè ekspre pou m bay move enfòmasyon e lwa federal ak lwa leta yo, oswa toulede, ka pran sanksyon kont mwen pou sa.</p>		
Siyati Kliyan an oswa Reprezantan Otorize a Dat:		
Siyati Konjwen oswa paran an Dat:		
Siyati Responsab Legal la/Titè Legal la/Moun ki gen manda a Dat:		Siyati Temwen Depatman an Dat:
Nimewo Telefòn		( )

Pou ka gen plis enfòmasyon, ale nan <https://healthyrhode.ri.gov>



KONSANTMAN WAP BAY POU YO PATAJE DONE POU DESIZYON SOU ELIJIBILITE

Nou ka ede w pi byen si nou ka travay ak lòt ajans ansanm ak pwofesyonèl ki konnen ou e ki konn fanmi w. MedicaidLè w tcheke kaz "I Agree" (Mwen Dakò) a, sa vle di w ba nou pèmasyon pou n resevwa, itilize ak pataje enfòmasyon konfidansyèl ki konsène w e ki soti nan divès sous, ikonpri Depatman Travay ak Fòmasyon Rhode Island (R.I. Department of Labor and Training, DLT), Depatman Sèvis Sosyal Rhode Island (R.I. Department of Human Services, DHS), Biwo Egzekitif pou Sèvis Sante ak Sosyal Rhode Island (R.I. Executive Office of Health and Human Services, EOHHS), Depatman Sante Rhode Island (R.I. Department of Health, DOH), Depatman Koreksyon Rhode Island (R.I. Department of Corrections, RIDOC) ak Experian anfavè Sant pou Sèvis Medicaid ak Medicare (Centers for Medicaid and Medicare Services, CMS) ak Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA).

Nou pap refize ba w okenn benefis ni nou pap refize ba w aksè nan pwogram pou sa w elijib yo senpleman poutèt ou pa ba nou pèmasyon pou n jwenn, pou n itilize ak pataje enfòmasyon konfidansyèl. Sepandan, san konsantman w, nou pa ka ede w jwenn sèten pwogram ak sèten sipò ke w ta ka elijib pou yo. Si pou nou detèmine elijibilite, fòk ou bay konsantman w.

Ou ka chèche e ou ka achte kouvèti asirans sante san w pa ranpli konsantman sa a, annik rele Sant Kontak (Contact Center) nou ou nan 1-855-840-HSRI (4774), men si w ta renmen konnen si w elijib pou resevwa èd finansyè pou achte kouvèti asirans la, kit ou elijib kit ou pa elijib pou Medicaid, lap nesesè pou w konplete konsantman sa a.

Tout pataj ak itilizasyon enfòmasyon ke wap otorize lè w tcheke kaz "I Agree" (Mwen Dakò) a, nap fè sa konfòmman ak tout lwa ak règlemantasyon federal ak leta yo ki pwoteje konfidansyalite vi prive w, ikonpri sila yo men se pa yo sèlman: Lwa 1996 sou Responsabilite ak Transferabilite ki gen rapò ak Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability of 1996, HIPAA) (Pib. L. 104-191 yo konnen kòm HIPAA); Konfidansyalite Enfòmasyon ak Kominikasyon ki gen rapò ak Swen Sante nan Rhode Island (R.I. Confidentiality of Health Care Communications and Information) (R.I.G.L. 5-37.3-1 et seq.); R.I.G.L. 28-32-5, 28-36-12, 28-42-38, 28-39-19, 28-39-22, 40.1-5-26, 23-3-23, 42-12-22, 40-6-12 ak tout lòt lwa ak règlemantasyon ki aplikab yo. Nou pral pataje enfòmasyon yo atravè transfè done enfòmatis.

Lè m kwochte premye kaz ki anba a, sa vle di ke mwen konsanti pou yo resevwa ak itilize enfòmasyon konfidansyèl ki konsène m pou yo detèmine si m elijib e pou m enskri nan kouvèti asirans sante ki resevwa fon piblik oswa si m elijib pou lòt pwogram ki resevwa fon piblik ke yo administre atravè sit sa a, ki planifye, ki bay e ki kowòdone benefis ak peman yo.

- Mwen bay konsantman m pou yo pataje done pou desizyon sou elijibilite
- Mwen pa bay konsantman m e mwen byen konnen ke desizyon sa a ka afekte elijibilite m pou sèten pwogram ak sipò

Pou ka gen plis enfòmasyon, ale nan <https://healthyrhode.ri.gov>



Ou gen DWA pou resevwa tretman ki pa baze sou diskriminasyon. Konfòmman ak lwa sou dwa sivil Federal, ak règ e règlemantasyon sou dwa sivil Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture, USDA), USDA, Ajans li yo, biwo l yo ak anplwaye l yo, ak enstitisyon ki patisipe nan oswa ki administre pwogram USDA yo, pa gen dwa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon, sèks, idantite seksyèl (ikonpri ekspresyon seksyèl), oryantasyon seksyèl, andikap, laj, sityasyon matrimonyal, sityasyon famiyal/parantal, revni ki baze sou yon pwogram asistans piblik, konviksyon politik, oswa reprezay oswa revanch poutèt aktivite dwa sivil ki te fèt anvan, nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA te òganize oswa finanse (se pa tou baz yo ki aplikab nan tout pwogram yo). Solisyon ak dat limit pou yon deplent varye selon pwogram nan oswa selon ensidan an.

Moun ki andikape ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (paregzanp Bray (Braille), gwo lèt, odyotep, Lang Siy Ameriken (American Sign Language), etc), se pou yo kontakte Ajans responsab la oswa Sant TARGET USDA (USDA's TARGET Center) nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa USDA atravè Sèvis Relè Federal (Federal Relay Service) nan (800) 877-8339. Anplis, enfòmasyon pwogram nan disponib nan lòt lang apade angle. Pou ka soumèt yon plent poutèt diskriminasyon, ranpli Fòmilè Plent poutèt Diskriminasyon Pwogram USDA (USDA Program Discrimination Complaint Form), AD-3027, ki anliy sou entènèt nan <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/usda-program-discrimination-complaint-form.pdf> ak nan nenpòt biwo USDA oswa ekri yon lèt ke w dwe voye bay USDA epi nan lèt la bay tout enfòmasyon yo mande w nan fòmilè a. Pou ka mande yon kopy fòmilè plent la, rele (866) 632-9992. Ranpli fòmilè a oswa voye yon lèt, epi voye l bay USDA nan: (1) pa lapòs: U.S. Department of Agriculture, Office of the Assistant Secretary for Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, D.C. 20250-9410; (2) faks: (202) 690-7442; oswa (3) imèl: [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov). USDA se yon kreyansye, anplwayè ak founisè ki bay opòtinite egal.

Konfòmman ak Tit VI nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil (Civil Rights Act of 1964) (42 U.S.C. 2000d et seq.), Seksyon 504 nan Lwa 1973 sou Reyabilitasyon (Rehabilitation Act of 1973), jan yo amande l la (29 U.S.C. 794), Lwa 1990 pou Ameriken ki Gen Andikap (Americans with Disabilities Act of 1990) (42 U.S.C. 12101 et seq.), ak Tit IX nan Amandman Edikasyon 1972 (Education Amendments of 1972) (20 U.S.C. 1681 et seq.), Lwa 2008 sou Alimantasyon ak Nitrisyon (Food and Nutrition Act of 2008) (ansyen non li se Lwa Koupon pou Achte Manje (Food Stamp Act)), Lwa 1975 Kont Diskriminasyon sou Laj (Age Discrimination Act of 1975), Depatman pou Sèvis Sante ak Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services, DHHS) ki enplemannte règlemantasyon (45 C.F.R. Pati 80 ak 84) ak Depatman Edikasyon Etazini (U.S. Department of Education) ki enplemannte règlemantasyon (34 C.F.R. Pati 104 ak 106), ak Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture, USDA), Sèvis Alimantasyon ak Nitrisyon (Food and Nutrition Services, FNS) (7 C.F.R. 272.6); Biwo Egzekitif pou Sèvis Sante ak Sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS) ak Depatman Sèvis Sosyal (Department of Human Services, DHS), pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, relijyon, kwayans politik, laj oswa sèks lè lap akspete oswa founi sèvis, anplwa oswa tretman, nan aktivite edikasyon l ak lòt pwogram li òganize. Konfòmman ak lòt dispozisyon nan lwa ki aplikab yo, EOHHS ak DHS pa fè diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl. Pou ka jwenn plis enfòmasyon sou lwa anti-diskriminasyon sa yo, sou règlemantasyon yo ak sou pwosedi plent pou rezolisyon plent poutèt diskriminasyon, kontakte DHS nan 25 Howard Ave, Bldg. 57, Cranston, RI 02920, (401) 462-2971. Pou plase yon apèl apati sèvis Relè Rhode Island Relay, rele nan 7-1-1 oswa rele youn nan nimewo gratis sa yo: TTY: 1-800-745-5555, Sistèm Vokal: 1-800-745- 6575. Se Ofisye Lyezon Relasyon Kominotè a ki se kowòdinatè pou enplemantasyon Tit VI, se Biwo Sèvis Reyabilitasyon (Office of Rehabilitation Services, ORS) la oswa moun li deziyen an ki se kowòdinatè pou enplemantasyon Tit IX, Seksyon 504 ak ADA. Se Direktè DHS oswa moun li deziyen an ki gen responsab jeneral pou konfòmite dwa sivil pou tout pwogram ajans la. Se Sekretè EOHHS ki responsab jere pwoblèm diskriminasyon ki gen rapò ak Medicaid e kèlkeswa plent la, yap refere l kòm sadwa.

Pou ka gen plis enfòmasyon, ale nan <https://healthyrhode.ri.gov>





ATTENTION: Language assistance services are available to you free of charge. Call 1-855-697-4347 (TTY 711).

ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-855-697-4347 (TTY 711)

ATENÇÃO: Se fala português, encontram-se disponíveis serviços linguísticos, grátis. Ligue para 1-855-697-4347 (TTY 711)

注意：如果您使用繁體中文，您可以免費獲得語言援助服務。請致電 1-855-697-4347 (TTY 711)

ATANSYON: Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Rele 1-855-697-4347 (TTY 711)

ប្រយ័ត្ន: បើសិនជាអ្នកនិយាយភាសាខ្មែរ, សេវាជំនួយផ្នែកភាសា ដោយមិនគិតថ្លៃ ក៏អាចមានសំរាប់អ្នក។ ចូរ ទូរស័ព្ទ 1-855-697-4347 (TTY 711)

ATTENTION: Si vous parlez français, des services d'aide linguistique vous sont proposés gratuitement. Appelez le 1-855-697-4347 (ATS 711)

ATTENZIONE: In caso la lingua parlata sia l'italiano, sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Chiamare il numero 1-855-697-4347 (TTY 711)

ໂປດຊາບ: ຖ້າວ່າ ທ່ານເວົ້າພາສາ ລາວ, ການບໍລິການຊ່ວຍເຫຼືອດ້ານພາສາ, ໂດຍບໍ່ເສັຽຄ່າ, ແມ່ນມີພ້ອມໃຫ້ທ່ານ. ໂທ 1-855-697-4347 (TTY 711)

ВНИМАНИЕ: Если вы говорите на русском языке, то вам доступны бесплатные услуги перевода. Звоните 1-855-697-4347 (телетайп 711)

CHÚ Ý: Nếu bạn nói Tiếng Việt, có các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí dành cho bạn. Gọi số 1-855-697-4347 (TTY 711)

UWAGA: Jeżeli mówisz po polsku, możesz skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej. Zadzwoń pod numer 1-855-697-4347 (TTY 711)

주의: 한국어를 사용하시는 경우, 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. 1-855-697-4347 (TTY 711) 번으로 전화해 주십시오

PAUNAWA: Kung nagsasalita ka ng Tagalog, maaari kang gumamit ng mga serbisyo ng tulong sa wika nang walang bayad. Tumawag sa 1-855-697-4347 (TTY 711).

Dè dɛ nià ke dyédé gbo: ɔ jũ ké m̄ [Bàsòò-wùdù-po-nyò] jũ ní, ní, à wuɖu kà kò dò po-poò béin m̄ gbo kpáa. Dá 1-855-697-4347 (TTY 711)

ملحوظة: إذا كنت تتحدث ذكر اللغة، فإن خدمات المساعدة اللغوية تتوافر لك بالمجان. اتصل برقم 1-855-697-4347 (رقم هاتف الصم والبكم: (TTY 711).

**Avi Anti-Diskriminasyon**

Biwo Egzekitif pou Sèvis Sante ak Sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS) ak Depatman Sèvis Sosyal (Department of Human Services, DHS) pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, kwayans politik, laj, reliyon oswa sèks lè lap aksepte oswa bay sèvis, travay oswa tretman, nan pwogram edikasyon l ak nan lòt pwogram li òganize. Konfòmeman ak lòt dispozisyon nan lwa ki aplikab yo, EOHHS/DHS pa fè diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl. Pou ka jwenn plis enfòmasyon sou lwa anti-diskriminasyon sa yo, sou règlemantasyon yo ak sou pwosedi plent pou rezolisyon plent poutèt diskriminasyon, kontakte DHS nan 25 Howard Ave, Bldg. 57, Cranston, RI 02920, nimewo telefòn (401) 462-2971 (pou moun ki soud/moun ki mal pou tande 1-800-745-6575 sistèm vokal; TTY 711).

Pou ka gen plis enfòmasyon, ale nan <https://healthyrhode.ri.gov>

